



Enfòmasyon Enpòtan sou Varyòl Senj lan



Varyòl senj lan se yon maladi ki ra ke viris varyòl senj lan lakòz.

Varyòl senj lan ka fè w malad, lè l provoke yon gratèl oswa maleng (pòks), li souvan akonpaye ak yon maladi anvan sa a ki sanble ak grip.

Yo ka transmèt Varyòl senj lan bay nenpòt ki moun gras ak yon kontak sere, pèsònèl, souvan po a po



Sentòm yo

- Premye sentòm grip varyòl senj lan ka gen ladan l lafyèv, tèt fè mal, doulè nan mis, doulè nan do, gangliyon lenfatik ki anfle, frison ak fatig
- Gratèl la parèt nan 1 a 3 jou (pafwa pi long) apre lafyèv la, souvan li kòmanse sou figi a epi li gaye nan lòt pati nan kò a
- Anjeneral maladi a dire 2 - 4 semèn



Transmisyon

- Varyòl senj lan ka gaye pa mwayen:
 - Kontak dirèk ak gratèl varyòl senj lan, maleng oswa kroust maleng yo
 - Kontak ak objè, rad, lenn pou kabann, sèvyèt, oswa sifas yon moun ki gen varyòl senj lan te itilize
 - Goutlèt respiratwa oswa likid oral ki soti nan yon moun ki gen varyòl senj lan
- Varyòl senj lan ka gaye depi lè sentòm yo kòmanse jiskaske tout maleng yo geri, sa ki ka pran plizyè semèn



Ka Varyòl Senj ki Resan

- Dènyèman yo te rapòte ka varyòl senj nan plizyè peyi ki pa gen aktivite varyòl senj nòmalman, tankou Etazini
- Li pa klè sou fason moun yo te ekspoze ak varyòl senj lan men ka yo gen ladan yo moun ki idantifye tèt yo kòm gason ki fè sèks ak gason

Dyagnostik ak Tretman

- Founisè swen sante yo ta dwe vijilan ak pasyan ki gen maladi gratèl ki konpatib ak varyòl senj lan, kèlkeswa sèks oswa oryantasyon seksyèl yo, patikilyèman moun ki gen istwa vwayaj oswa lòt faktè risk
- Pa gen okenn tretman espesifik pou varyòl senj lan, byenke antiviral yo devlope pou itilize yo pou pasyan ki gen varisèl yo ka benefik pou yo



Rekòmandasyon pou piblik la

- Risk pou piblik la an jeneral ba
- Chèche swen medikal imedyatman si w panse w trape varyòl senj lan
- Evite kontak sere ak moun ki malad, tankou moun ki gen blesi po oswa blesi jenital



Pou Plis Enfòmasyon

- Kontakte founisè swen sante w la pou tout kesyon medikal
- Vizite sit entènèt [Sant pou kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention\)](#)